Kutora Masuwo Omuvengi

Mangwanani mose uye mufaro kudzoka paTabhernakeri kuti tinamatire vanorwara. Kazhinji u-u. . . tinoedza kuuya pasina kupera nguva huru ku—kuzonamatira vanhu vanobva kwakasiyana siyana kuzonamatirwa. Uye zvino tichaenda nguva iri kutevera kuCalifornia kumisangano yokuMadokero. Uye tinokumbira minyengetero kuti Mwari wokuDenga atinzwire nyasha nokutipa misangano mikuru. Ndakauya nezuro kana kuti husiku hwapfuura nguva yapera, uye nezuro ranga riri, aiwa ndikuswera nezuro nanezuro anga ari mazuva anoverengwa muhupenyu hwangu.

Varipo pano, pane vaviri kana vatatu vakapupura kuburuka kwaIShe nezuro, uye pane chinhu chikuru chakatika chandisina nguva yokukutaurirai mangwanani ano asi zvichida Svondo inotevera tisati taenda. Pamwe—ndingava nenguva ndichiparidza kuti ndi—ndikuudzei. Kana Ishe atendera ndichauya kunamatira vanorwara Svondo mangwanani. . .? ndinoda kusimuka masikati kuenda kumisangano yokuSan Jose. KuSan Jose, California. Kana muine vanhu kuMadokero ikoko, ti—tinotenda kuti zvimwe ndiyo nguva yandakatarisira kwenguva yakareba, kushanduka kuri kuuya mushumiro yangu. Uye zvava padyo ndakafunga kuti zvingangoitika nezuro, uye ndinotenda kuti zvichaitika zvino uno uye zvichapfuura zvose zvatati tamboona kana kunzwa. Zvino rangarirai kuti IZVANZI NAJEHOVHA. Uye zvino tiri kuzvitarisira nguva yose. Uye tichava nomusangano kufairgrounds, ndinotenda kuti ndizvo handizvo here Gene? Pafairgrounds KuSan Jose, California. Uye uchange uri musangano wamazuva gumi kutanga musi wa20 kusvika musi wa29, kuSan Jose. Ndi—motirangarira uye motinamatira. Zvino tine, kana tapedza pane nguva, tine hwani nehafu yenguva yetichatangisa musangano wedu kunamatira vanorwara nokuparidza Shoko.

Uye mangwanani ano ndasarudza ndima pfupi kubva mumaGwaro, nzvimbo mbiri muBhaibheri, dzandichaparidza padziri. Asi tisati tatanga, ngatikotamisei misoro yedu kwekanguva, tinamate.

2 Mwari Muzere neNyasha, tinouya tichizvininipisa pachigaro Chenyu chenyasha mangwanani ano, savana vasina kodzero, asi tinouya nokutenda kwakakwana muna Mwari, kwatakapiwa noMweya Mutsvene, noHupo Hwake hunogara nesu nguva dzose. Uye tinouya nevimbiso yakataurwa naIshe Jesu, yokuti kana tikauya tichizvininipisa tikakumbira chipi nechipi muZita Rake, tinopiwa zvatakumbira. Nokudaro, hatitariri pakururama kwedu, nokuti hatina, asi tinotarira pane zvatakaitirwa

paKarivhari, patakapiwa nyasha pachena noMwanakomana waMwari. Hatikwanisi chose kumisa misodzi ingaerera kusvika pamutsipa yedu, kana tikafunga kuti isu, vanhu vanga vasingakodzeri, asi Iye nenyasha Dzake paKarivhari Akaita izvozvo nokuda kwedu, kuti tiswededzwe padyosa naMwari, kusvika tava nohukama. Zvino tiri vanakomana navanasikana vaKe.

3 Zvino tauya mangwanani ano, Ishe, pasi pedenga reimba ino, kuzozvipira, nokushumira tichireurura zvivi zvedu, no—nomukunamata kuTsvene. Tinotenda kuti Muchava nesu nokutipa kunzwisisa komweya nezvokuuya kweNyu kwava padyo, uye kuti tigadzirire mwoyo yedu zuva nezuva nezvechiitiko chikuru ichi chakatarisirwa kwezvuru zvamakore. Zvirokwazvo zvisikwa zvose zviri kugomera, zvichichemera kudzikinurwa. Nemweya yedu, Ishe, inoramba ichipupura kuti "tiri vapfuuri navatorwa, uno hauzi musha wedu, asi tiri kutsvaka Guta rakavakwa nokugadzirwa naMwari." Takatarisira nguva huru iyi iri kuuya.

4 Ishe, tinoda kurangarira pamisangano ino, pataungana pano, kuti tinamatire vana veNyu vanorwara navanotambudzwa. Zvino tinokumbira kuti Musangane nesu nhasi nenzira inoshamisa, mupodze urwere hwose nehosha dziri pakati pedu. Zvichida, Ishe, vimbiso iyi yandanga ndichitaura nezvayo, pandakasangana neMi nezuro, zuva richangobuda kuti Imi makazvisimbisa mazvisimbisazve. Zvino tinonzwa kuti nguva yava padyo chose. Rino ngarive zuva, Ishe, razvingaitika, kuti Mushandure shumiro, Ishe, kuti ive shumiro ingaropafadza zvakanyanya vanhu veNyu.

5 Zvino, Mwari, Baba, hatinamatiri ava chete vari pano, asi avo vose vakapararira pasi pose, vane zvikumbiro, pamweya napanyama. Aiwa Mwari, vapei, zvido zvomwoyo yavo, nokuti vana veNyu vari kutambudzika mazuva ano. Kutambudza kwomuvengi kukuru chaizvo, asi Imi mune simba rinomupfuura. Nokuti kwakanyorwa kuchinzi, "Ari mamuri Mukuru kupfuura ari munyika." Zvino naizvozvo tinokunda. Taurai nesu neShoko reNyu rakanyorwa. Uye kana tava kubva pano mangwanani ano, titi savaya vaienda kuEmausi, "Mwoyo yedu haina kutsva here paAnga Achitaura nesu munzira?" Takumbira izvi muZita raJesu, Akapa vimbiso. Ameni.

6 Ndichaverenga nzvimbo mbiri muBhuku raGenesisi, pamwe panowanikwa muchitsauko 24, kubvira pandima 56, panoti.

> *Asi iye wakati kwavari, Musandidzora henyu, JEHOVHA zvaakandifambisa zvakanaka parwendo rwangu; regai ndiende kuna tenzi wangu.*
>
> *Ivo vakati, Ngatidane musikana, tinzwe muromo wake.*

Vakadana Rabheka, vakati kwaari, Uchaenda nomurume uyu here? Akati, Ndichaenda.

Ipapo vakatendera Rabheka kuti aende nehanzva—hanzvadzi yavo, nomureri wake, kuti vaende nomuranda waAbrahama, . . .

Vakaropafadza Rabheka, vakati kwaari, Iwe, hanzvadzi yedu, uve mai vezvuru zvamazana, vana vako ngavatore masuwo avavengi vavo.

7 Muchitsauko 22 chaGenesisi, ndima 15 panoti.

Ipapo mutumwa waJEHOVHA wakadana Abrahama kechipiri, ari kudenga,

Akati, Zvanzi naJEHOVHA, Ndakapika neni ndimene, Zvawaita izvozvo, . . .ukasa—ukasandinyima mwanakomana wako, mumwechete:

Mukuropafadza Ndichakuropafadza kwazvo, ndichawanza vana vako kwazvo senyeredzi dzo . . . kudenga, vuye sejecha . . .riri pamhenderekedzo dzegungwa; vana vako vachatora masuwo avavengi vavo;

Ndudzi dzose dzenyika dzicharopafadzwa muvana vako; zvawakaterera izwi rangu.

8 Ishe ngavawedzere maropafadzo Avo pakuverengwa kweShoko ravo. Zvino ndinoda kutanga kutora, kana chinganzi chidzidzo, chokutanga, musoro wenyaya yangu mangwanani ano, unoti, *Kuedzwa kutanga usati wasvika pasuwo revimbiso*, zvino chidzidzo chacho ndeichi: *Kutora Masuwo Omuvengi*.

9 Mwari akaedza teteguru uyu nokuti Akanga amupa vimbiso. Zvino kana Mwari aita vimbiso, Anoda kuziva kuti munhu wacho akakodzera vimbiso here, Asati Azadzisa zvaAkataura kana zvaAkavimbisa. Zvino Abrahama akanga avimbiswa kuti nyika yose yaizoropafadzwa nokuda komwanakomana wake, uye kuti aizova nomwanakomana, uye kubva mumwanakomana uyu, maizobuda Mbeu, yaizoropafadza nyika yose. Uye Abrahama, akapiwa vimbiso iyi, ava namakore makumi manomwe namashanu; naSarah, mudzimai wake, aiva namakore makumi matanhatu namashanu. Asi Bhaibheri rinotiudza kuti Abrahama haana kunyunyuta nokusatenda, asi akasimbiswa pakutenda, akakudza Mwari. Zvino Mwari, akamuedza nguva nenguva, asi akasvika pakuedzwa kwokupedzisira asati aropafadzwa.

10 Ndizvo zvazvirivo kuMbeu yose yaAbrahama. Mwari anotiedza kokupedzisira Asati Atipa vimbiso. Dai zvaigona, ndingadai ndataura zvimwe pano, nezvohupenyu hwangu, asi handichazvitauri hangu. Muedzo wokupedzisira, kuti Aone kuti unodavira sei. Zvino paAkapa Abrahama kuedzwa uku, Akawana Abrahama akatendeka sezvaakanga ari pakutanga.

Kungava kuropafadzwa kwakadini mangwanani ano kana isu tinoda vimbiso yaKe yokupodzwa tikamira nokutenda kwatauya nako patamira pano tichigamuchira, hazvinei kuti chiremba ati kudini, mira chete nechokwadi.

11 Pakuita izvi haana kuramba nomwanakomana wake, asi akanga oda kubaya pachipfuva chaIsaka nebanga, kuti aparadze chapupu chake. . . Akanga apupura kunyika yose yaaiziva, kuti aizova nomwanakomana uyu. Zvino mwanakomana paakauya, akarairwa kuti asvike, pakuparadza tariro yake yoga yaaiva nayo yaizadzisa kupupura kwake. Zvino Mwari paakaona kuti akatendeka pakutenda kwake munaMwari, Mwari akatarisa ari kudenga Akati, "Ndapika Ndomene kuti Ndichakuropafadza nokukuwanza, uye mbeu yako ichatora masuwo avavengi vayo." Ivimbiso yakadini!

12 Zvino Rabheka, aizova mai vomwana uyu aikosha, wevimbiso, wakanga akamirirwa, paakapinda pakuedzwa kwokupedzisira nezvomurume waakanga asingazivi asati amboona, akanga angoona chete kushanda kwoMweya Mutsvene. Zvino vabereki vake pavakatadza kupa sarudzo yokuti angaenda here nomutorwa uyu kana kwete, kuti andova mukadzi womurume waakanga asati amboona, akasvika pakuedzwa kwokupedzisira. "Tichadana musikana kuti ataure oga. Tichanzwa kubva pamuromo wake kana achienda, kuti artati hongu here kana kwete."

13 Ndiyo nzira yacho kuMbeu yose yaMwari. Zvinofanira kubva pamuromo wako. Mwari anoda kunzwa kubva kwauri.

14 Zvino paakaiswa pakuedzwa, haana kukahadzika napaduku pose. Akati, "Ndichaenda." Zvinofadza sei. Kwete zvokuti, "Regai ndimbofunga, regai ndimboona." Akabvuma zvakakwana! Ndivo vanhu vanoshandiswa naMwari, kana uchinyatsobvuma zvakakwana kuti Mwari Anochengeta vimbiso dzake. Akati, "Ndichaenda!"

15 Hama dzaRabheka dzaiva nechizoro chikuru, zvichida vakanga vasingazvizivi, asi vakaprofita pavakaisa maoko pamusoro pehanzvadzi yavo, anova mwanasikana wavo, musikana wezera duku munaku wechiJudha, pavakamukwidza ngamera vachimutumira kunyika yavatorwa, pakati pavatorwa. Asi pane Chaiva pavari, vakati, "Vana vako ngavatore suvo ravavengi vavo. Iva mai vezvuru zvamazana amazana."

16 Nhasiuno rudzi rwavanhu ava vaMwari rwapararira kubva pagungwa kusvika kune rimwe gungwa pasi pose. Pakumuka vartava senyeredzi dzokuDenga, sechiedza chinopenya vachitora nzvimbo dzavo, vachifamba kukwira kudenga. Zvino kana vouya vartaiita senyanza dze. . . kana kuti sejecha pamhenderekedzo dzegungwa. Vartange vari zvuru zvisingaverengwi.

17 “Mbeu yako ichatora suwo romuvengi wayo.” Ndicho chitsidzo chaMwari. Mbeu yaAbrahama. Zvino noMweya Wake Mutsvene, zvaitaridza kuti amai vaizova chikamu chomwanakomana, nokuti ivo inhengo yomuviri, ipapo Mweya Mutsvene uchishanda mukati mavanhu ava, wakati, “A. . . vana vako ngavatore masuwo avavengi.” Mwari akapika kuti Achatora suvo romuvengi, zvinoisa Kereke yaMwari panzvimbo yakadini?

18 Tiri mbeu yaAbrahama, nokuti kana takafa munaKristu, tiri, tinova mbeu yaAbrahama uye vadyi venhaka yevimbiso iyeyo yaakapikirwa. Tiri mbeu yaAbrahama, uye vadyi venhaka yevimbiso yaakapiwa. Asi kana miedzo youya, ndipo patinokundika. Handitendi kuti mbeu yaAbrahama yechokwadi inokundwa, vanomira vakashinga nokutendeka sezvakaita Abrahama.

19 Zvino tinoona kuti Mwari haatauri chinhu kana—kana kuita vimbiso ipi zvayo kunze kokunge Achizoizadzisa. Anofanira kudaro kuti ave Mwari. Kwapera makore anechitsama, vanhu vamwechete ivava, vanhu vechipikirwa, mbeu yaAbrahama vaiva parwendo vachienda ku—kunyika yechipikirwa, pakava nesuvo, rakavadzivirira, zvichiitwa nehama dzavo, dzechiMoabi, dzaiti, “Hamupfuuri nomunyika medu. Tichaita kuti musapfuura nomunyika medu.”

20 Vakati, “Kana mombe dzedu dzikadya huswa hwenyu kana kuti dzikanwa mvura yenyu, tichakuripai.”

Asi vakati, “Hamupfuuri nomunyika muno.”

21 Asi vimbiso yaMwari yakava chokwadi. Nokudaro vakaenda vakandotora muprofita wavo, Barami, vakauya naye kuti azotuka vanhu ava. Uye izvi ndizvo zvaakataura. Vakaedza kumutaridza kuipa kwembeu iyi yakaropafadzwa, asi Mwari akamuratidza chikamu chakanakisa pavari. Akati, “Ani nani anotuka Israeri artatukwa, nouyo artamuropafadza artaropafadzwa.” Zvino masuwo akazaruka Israeri ikapfuura nomumapani. Mwari akavimbisa kuti vartatora masuvo avavengi vavo.

22 Makore mazhinji apfuura, kwakauya mumwe ainzi Danieri, waiva weMbeu yohumambo iyi, zvakare ari mugwara reavo vaiva muvimbiso, nokuti aiva mbeu yaAbrahama. Mwari Akanga amusarudza nyika isati yavapo, kuti ave muprofita Wake. Uye akanga ararama nokushinga nokutendeka, kunyange munyika yavatorwa, akava nechinangwa ichi mumwoyo make, “Handingazvisvibisi nokuda kwavo.” Ndiyo mbeu yechokwadi yaAbrahama. Vachigara munyika isiri yavo, vachigara pakati pavanhu vasina kufanana navo, asi vakashinga kuvimbiso, “Handingazvisvibisi nokuda kwavo. Ndichamira ndakatendeka.”

23 Mwari Akamuedza sezvaAkaita baba vake, Abrahama. Mambo akati, “Unofanira kuva mumwe wedu wonamata sezvatinoita, kana kuti ndinokukanda mugomba rizere shumba dzine nzara.”

24 Danieri, sababa vake Abrahama, akati, “Mungandikanda henyu mugomba reshumba, asi handingapfugamiri chipi zvacho chemipunzo yenyu. Handingatori manamatire enyu asina kuperera maari. Ndicharamba ndakatendeka kuna Jehovha”

25 Ndipo pakatangira mangange zvino. Mambo akaita sezvaakavimbisa akatora muprofita, kana kuti akaraira kuti akandwe mugomba reshumba. Zvino shumba dziya, vavengi vaDanieri, dzakamhanyira muprofita, Mwari akachengeta vimbiso yaKe. Akatora suvo romuvengi wake. Mwari akamisa Mutumwa pamberi peshumba, suwo rikatorwa. Mwari anochengeta vimbiso yaKe, “Achatora suwo romuvengi wake!” Mwari akazvitaura.

26 Kwaiva navamwe vatatu zvakare ikoko vakanga vapika kutendeka kuchinhu chimwechete, vaiva mbeu yaAbrahama yechokwadi, zvino ava ndiShadreki, Misheki naAbedinego, zvino vakaiswa pakuedzwa. Vakati, “Kana mukasapfugama pamunonzwa mbira dzichirira nehwamanda dzichirira, mukasapfugama kuchinamato chedu, muchikanganwa zvenyu zva—zvamunonamata! Uye mose hapana chinokosha pamuri, chinamato chenyu hachisiyane nechavamwe.” Hazvisizvo zvatinonzwa nguva dzose here? Asi chi—chinamato chaJesu Kristu chino mutsauko. Simba rokumuka kwaKe rino mutsauko. Tiri vanhu vano mutsauko, vanhu vanokatyamadza, vaprisita vohumambo. Mwari anoisa mutsauko.

27 Asi pavakati, “Munofanira kuva nesu!” Zvingadai zvainakira Shadreki naMisheki naAbedinego deno vaida kuva pamwe navo, asi hazvaibvira kuti ivo vave pamwe navatorwa. Zvino, vakati, “Kana mukasadaro, pano pane suwo rakavhara rinomoto uri mugomba ratinogona kuvhura tokukandirai imomo, muchademba kuti zvaiva nani makava vamwe vedu.”

28 Vakarangarira vimbiso. Vakavatinha kuenda kumwoto waipfuta, zvino vakati vavhura musuwo vakavakanda mumarimi omwoto, vakatora masuvo omuvengi wavo, waifanira kuvaparadza. Mwari akatumira Mwanakomana Wake akatonhodza kupisa komwoto, ndokutaurirana vari imomo. Vimbiso yaMwari yakamira sezvayaiva. Vakatora masuwo omuvengi. Chokutanga vakaedzwa, ndokubva vatora suwo romuvengi. Haazi Jesu here Akapa vimbiso, “Ukaunza chigumbuso kuno mumwe wavaduku ava, zvaiva nani kwauri kuti usungirirwe guyo pamutsipa wako wokandirwa mugungwa rakadzika. Usambounza hako chigumbuso kuno mumwe wavaduku ava vanotenda maNdiri. Uye zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda maNdiri.”

29 Akaisa mutsauko. Akataridza kuti vanotenda ndavapi navasingatendi ndavapi. Nguva yose pane mapoka matatu avanhu, kuti, vasingatendi, vatendi vapakati, navatendi chaivo. Asi Mwari ane nzira yokutaridza kuti mutendi ndoupi. Mutendi uya anomira nesimba pane zvinoratidzwa naMwari kuti ndicho Chokwadi. Hongu.

30 Zvino Eria, muTishbi, paakasvika pamangange, aifunga kuti ndiye ega parudzi urwu akanga achiri kuraramira Mwari. Uye mambo aida kumuisa padare kuti atongwe, uye vakamutambudza. Uye mambokadzi uya aipenda kumeso ainzi Izaberi, akatsvaka kumuuraya. Zvino paakasvika pamangange, Eria akakunda masuwo omuvengi akadzosera zvakare rudzi rwose kuna Mwari. Mwari anochengeta vimbiso dzaKe.

31 NdiMosesi, akanga ari mbeu yohumambo, mbeu yaAbrahama, akatumwa kuEgipita kundodzikinura vana vaIsiraeri, Mwari akamupa mashura nezviratidzo zvokundoita, kuti arove nyika, kuunza matafi nenhunzi uye rima nechimvuramabwe nemvura nomwoto, akaita zvishamiso zvose izvi. Asi paakabuda navo noruoko rwaJehovha, pakasvika nguva apo suwo romuvengi rakamira pakati pake nenyika yechipikirwa, rinova Gungwa Dzvuku, raiva munzira yavo. Vakanga vava pakati pehondo yaFarao, namakomo uye renje neGungwa Dzvuku, asi Mosesi akaenda mberi akakunda suwo romuvengi wake, akayambuka Gungwa Dzvuku, pakaoma, kunge aiva munzira ine guruva. “Muchakunda suwo romuvengi.” Mwari akataura, hapana gakava!

32 Makore mashoma apera pakauya miedzo, kereke ikazunguzwa, sezvinoita ungano yavanhu kana zvinhu zvikasafamba zvakanaka sezvavanotarisira. Ndizvo zvinoita Mwari. Mwari anobvumira kusagadzikana mukereke, “Nokuti mwanakomana wose anouya kuna Mwari anofanira kuedzwa agoonekwa, nokuongororwa.” Anorega hurwere huchikurova. Anorega hosha dzichiuya pauri, kuti awone agoziva, kuratidza nyika kuti uri mbeu yaAbrahama zvechokwadi. Anozvitendera nokuda kwaKe. Anotendera njodzi, Anotendera kuti shamwari dzikuvenge. Anotendera zvinhu zvose izvi, worega Satani achikuedza, anobvumira zvose kunze kokutora hupenyu hwako. Anogona kukuisa panhovo yokutambudzika, angaita kuti vawakavakidzana navo vasakufarira, angaita kuti kereke isakufarira, anogona kuita chipi zvacho, zvino kuda kwaMwari kuti aite izvozvo. Tinodzidziswa kuti zvinokosha kupfuura ndarama kwatiri.

33 Ko Abrahama naIsaka, pagomo, uyo akanga aine vimbiso, nokuda kwokutendeka kwake nokuziva kwake, nokuvimba kwake muna Jehovha, nokuda kwaizvozvo izvozvo chete Mwari akatarira ari kudenga akati, “Mbeu yako ichatora masuwo. Ndapika ndoMene kuti Ndichakuitira zvinhu izvi.” Hakuna mumwe waAigona kupika naye, asi Akapika

naIye paChake. Zvino kana Akatendera Abrahama kuti aedzwe kusvika pokupedzisira, Anofanira kuedza iwe neni kusvika pokupedzisira, nguva yokuti usarudze woga pasina anokubatsira, unofanira kumira woga ipapo. Hareruya! Ndizvo zvazviri.

34 Mira woga! Ubude ipapo uchiti, "Kunyangwe Akandiuraya, asi ndichavimba naYe." Ndiyo mbeu yaAbrahama. Ndiye Wacho anopa vimbiso. Hazvinei kuti vamwe vose vanoti chii, kana kuti vamwe vose vanoiteyi; "Kana ndirini nemhuri yangu, tichashumira Mwari," akati. . . Kana vose vakati, "Hapana zviripo hazvina maturo, anongova manyawi;" "Kwandiri nemhuri yangu, tichashumira Mwari!" Zvino ndinoda kutaura pano saPauro akati, "Nenzira inonzi 'yakatsauka' ndiko kunamata kwandinoita Mwari Wamadzibaba edu." Kunyangwe kukava navanoita makuhwa mukereke, kana vanopesanisa uye kukava nemhando dzose dzavaprofita venhema, nezvakadaro zvichipinda mukereke pakati pavanhu, nezvakapoteredza nazvose; asi kana ndirini nemhuri yangu, tichashumira Ishe! Kunyangwe vamwe vakaregedza kuuya kunyangwe kereke yotonhora nokushaya hanya. Ini nemhuri yangu tichashumira Ishe. Kunyangwe mumwe akanamatirwa akasapora hazvina nechokuita nazvo. Ini nemhuri yangu tichashumira Ishe. Miedzo namatambudziko.

35 Munhu wose anosvika pakutadza, asi Mwari chete ndiye asingatadzi. Munhu, haafaniri kuisa pfungwa yake pamunhu, nokuti munhu anokundika. Dzimwe nguva zvinoitika asingade, asi artakundika. Mwari anozvibvumira kuti Abvise kutenda kwako pamunhu. Kutenda kwedu hakusi pahuchenjeri hwomunhu, asi pasimba rokumuka kwaJesu Kristu. Ndipo panozorora vimbiso kumbeu yaAbrahama yechokwadi, nokuti vanokwanisa chete kuva mbeu yaAbrahama kana vagashira Mweya Mutsvene. Pasina Mweya Mutsvene havasi mbeu yaAbrahama. Zvino kutenda kumwechete kwaiva muna Abrahama kunouyavo mumutendi. Hazvinei kuti chii chinoitika kana chinopikisa, mutendi anoenderera mberi zvakadaro.

36 Vashori vakadzoka vachiti, "Oh, hupenzi kuti tiedze. Hazvibatsiri kuenderera mberi, nokuti vanhu variko varefu kwazvo, zvakare vane hurumende dzakasimba, zvakare va—vana mapfumo, zvino, isu tichienzaniswa navo tinenge hwiza."

37 Handizivi, asi ndinotenda kuti Joshua aiva munhu muduku, munhu muduku-duku. Ndinomuona achikwakukira panenge pakakwirira pabhokisi, achiti, "Varume hama," achitaura kumamiriyoni maviri avanhu, "tinokwanisa zvakanyanya kuvakunda!" Maona? Sei? Ndiyo yaiva mbeu yaAbrahama. Mwari akapa vimbiso. Yaiva nhaka yavo. Mwari akapa vimbiso. Hazvina mhosva kuti vaipikiswa ndivanaani, mbeu yaAbrahama yechokwadi yakati, "Tinokwanisa kutora nyika nokuti Mwari wakatipa!"

38 Ndipo paumire mangwanani ano. Ndipo pakamira Kereke yaMwari mupenyu. Handina mhosva kuti mumwe artati chii, kuti chiremba artati chii, chipi zvacho, kana zvingataurwa nomunhu asingatendi, tinokwanisa zvakanyanya kusangana nechii zvacho chingauya. Tiri mbeu yaAbrahama, naizvozvo tichatora suwo romuvengi wedu. Hazvina mhosva kuti muvengi akaita sei, Mwari akapa vimbiso! Yaiva yavo, nhaka yavo.

39 Kupodzwa inhaka yako, ruponeso inhaka yako. Mweya Mutsvene inhaka yako. Zvino kune zvuru zvizhinji zvavaparidzi navamwevo munyika nhasi, vanoti, "Hazvisi izvo." Asi mbeu yaAbrahama inoziva kuti ndizvo zvazviri. Vanopinda vachitora masuwo omuvengi. Mwari Akati vartakunda. Vanozvitenda nokuti ivimbiso. "Mbeu yake ichatapa suwo romuvengi!" Zvino, unopinda nomumiedzo, nomumatambudziko.

40 Zvino Joshua akamira akatendeka. Murume muduku uyu akati, "Handina mhosva kuti vakakura sei, handina mhosva kuti vane mapfumo akadini, kuti masvingo amaguta avo akareba zvakadini, kana kuti akakura sei, vimbiso yedu ndeyokuti, 'suwo racho richatorwa nembeu yavana vaMwari,' zvino tinoenda kundoatora. Tinokwanisa kwazvo kuvakunda!" Oh, iyi ndiyo mbeu yechokwadi.

41 Vazhinji vavo vakaberekwa vari mbeu yapanyama, vakati "Hatikwanisi kuzviita. Hapana kana chikonzero chokuti tiedze. Zvakare, vakawanda kutikunda, vane hunyanzvi hunokunda hwedu, zvose hazvo." Ndicho chikonzero, asina . . . Vakanga vakatarisa pa . . . zvaionekwa namaziso, asi Joshua akanga akatarisa zvakataurwa naMwari.

42 Mbeu yaAbrahama haitariri pazvinhu zvinowonekwa; vanotarira pane zvakataurwa naShe. Ndiyo vimbiso. Ko dai Abrahama akatarira pane zvaiwonekwa? Pamudzimai akanga ava namakore zana, aiva namakumi mapfumbamwe amakore, iye aine zana ramakore, zvakare vakanga vagara vose kubvira achiri musikana mudiki iye ari mukomana mudiki, vasina mwana. Haana kutarira pazvinhu zvose izvi. Akati akaona zvinhu izvi sezvisipo, nokuti akatarira chete pane zvakataurwa naMwari. "Ndichakuropafadza, Abrahama, zvakare ndichakupa mwana wauchabereka naSara." Akazvitenda. Hautariri pane zvinopikisa; tinotarira pane zvakataurwa naMwari. Mwari akataura, hapana kupokana!

43 Kuzoti vava paJordani, Joshua aitwa mutungamiriri wehondo, vasvika pamvura chaipo vachitoona Jeriko pamhiri, zvino chii chaiva pakati pavo, apo Joshua akanga akagadzirira hondo yake, pakava nesuwo. Suwo racho rwaiva rwizi rweJordani. Asi vimbiso yaMwari yakaitirwa suwo rose-rose romuvengi. Hazvinei kuti isuwo ripi, Vimbiso yaMwari inoshanda. "Achatapa masuwo omuvengi." Ndizvozvo. Paakasvika paJordani mangwanani iwayo,

zvichida, Wakaipa akanga akarembedza makore edutu kose-kose, mvura yakavhundurwa ichierera, minda ichikukurwa nemvura. Oh, inguva yokuedzwa yakadini! Asi Joshua akati, "Gadzirirai, muchaona kuBwinya kwaMwari!" Vakazvichenesa vakagadzirira, kugadzirira zvinhu zvose zvichiita sezvinopikisa. Asi iyi yaiva mbeu yaAbrahama, uyo Mwari waakapikira kuti, "Ndichamupa suwo romuvengi." Akasvika paJordani, ndiro raiva suwo romuvengi wake, uye akarikunda.

44 Ndichasvikavo pasuwo iri rokupedzisira rimwe ramangwanani. Uchasvika paJordani, asi mbeu yaAbrahama ichatora suwo romuvengi. Hazvina mhosva kuti chii, uchatora suwo romuvengi wose.

45 Vose varume ava vaiva nomukurumbira, vakafa vari mugwara (rembeu yohumambo). Asi pakupedzisira rimwe zuva muBetrehema reJudea, Mbeu yoHumambo yakaberekwa, vamwe vose vaingova mumvuri wake. Mbeu yoHumambo yakaberekwa, kwete nomurume, asi Akaberekwa nemhandara, Aine Simba mutsinga dzaKe rokukunda rufu negehena. Mwari akavimbisa. Munhuvo zvake haaikwanisa kuzviita. Asi kana Mwari avimbisa, Ndiye Mwari mumwechete mune zvaakanga ari sezvataona nguva pfupi yapfuura, kuna Abrahama, Jehovha-jireh, Ishe vartapa nzira yokukunda nayo suwo romuvengi. Tichazviita sei? Joshua akafa, naMosesi akafa, vose vakafa, asi Mwari akati, "Achatora suwo romuvengi wake." Achakunda sei rufu? Ana maitire Ake. "Achatora suwo romuvengi wake."

46 Mbeu yoHumambo yakaberekwa. Akaedzwa nenzira yose yatinoedzwa nayo. Akaedzwa, sezvaunoitwa. Dhiabhorosi pakarepo akaMutora artangogamuchira Mweya Mutsvene kuenda murenje kwamazuva makumi mana nohusiku huna makumi mana, kundoMuedza. PaAkadzoka . . . Naparufu Rwake, vakaMurovera zvipikiri mumaoko, vakaMupfira kumeso. Akapfuura nomuhurwere hwose. Asi zvaAiva pano panyika, Akaratidza kuti Aikwanisa kukunda zvirwere. Mai vomudzimai waPetro pavairwara, vakaoma mutezo, akavabata ruoko fivha ikabva yapera. Munhu waiva namaperembudzi paakachema ari pasuwo, "Ndine tsvina! Ndine tsvina! Kana muchida, mungandiponesa."

47 Akati, "Ndinoda. Poreswa." Akakunda Akatora suwo ramaperembudzi. Akatora suwo refivha. Akaita kuti zvisikwa zvose zviMuteerere. Ndiye Mbeu yaAbrahama, Mbeu yoHumambo, Uyo aiva nevimbiso, nokuda kwaKe Abrahama navana vake vose vakamutevera kusvika paMbeu yoHumambo naavo vakazotevera mumashure maKe. Vimbiso yaMwari ndeyechokwadi. Akakunda hurwere. Akakunda miedzo. PaAkapfirwa kumeso kwaKe nomuvengi, akarohwa dama raKe, Akapa rimwe dama. Pavakadzura ndebvu dzaKe nokuMupfira, haAna kudzorera. Akakunda suwo rokuedzwa akaritora.

48 Zvino iwe woti, “Hasha dzangu dzinondikunda” Iwe uchiti uri mbeu yaAbrahama, hongu, changamire, Akakukundira hasha.

49 PaAkatsamwiswa, haAna kutsamwira. PaAkasekwa, Akaramba Akanyarara. Paakanzi Dhiabhorosi, Haana kupindura. Aiva nebasa rimwe, kuda kwaBaba, zvino ndiro raAifamba achiita. Pakupedzisira vakaMuisa paMuchinjikwa. Rufu rwaifanira kutarisana naYe. Vamwe vose vakanga vakunda nyanza, vakunda zvisikwa, vakunda shumba, vakunda mwoto, vakanga vakunda zvose kunze korufu. Asi uyu akanga Ari Mumwe aiva nesimba rokukunda rufu, maari nomutsinga dzaKe; Zvino vakatora maoko Ake vakaAtambanudza vakaMurovera pamuchinjikwa. VakaMubvisa hanzu ndokuMurova kusvikira mapfupa Ake abuda. Asi paAkadaro, ivo vaita zvose zvavaikwanisa kuita, rufu rwakaMutora, rukati, “NdichaKutora sezvandakaita Joshua. Ndichakutora sezvandakaita Danieri. Ndichaita zvose izvi nokuti ndichaita kuti Ufe.”

50 Zvino Akafa kusvikira zuva ranyara. Akafa kusvikira zvisikwa zvanyara zvikamira kushanda kwazvo. Zuva rakadzima masikati, nyeredzi dzakaramba kupenya. Akafa kukaita rima rokuti waitadza kuona ruoko rwako iwo ari masikati. Ndinofunga kuti zvisikwa zvakati, “Regai tife naYe.”

51 Asi, hama, Dhiabhorosi wakaisa mweya Wake unokosha kugomba rakadzika-dzika regehena. Ikoko masuwo akazaruka, Akamuka nezuva retatu, Akakunda. Ameni. “Mbeu yaKe ichatora suwo romuvengi.” Akakunda rufu, Akakunda gehena, mangwanani iwayo eEaster yokutanga Akakunda guva. Zvino tinomira savakundi nokupfuuridza nokuda kwaKe Akatida.

52 Pazuva rePentekosta Akatumira Mweya Mutsvene kuti uenderere mberi, pakati pavaHedheni, kutora mbeu yevimbiso, kupa vaHedheni, vakanga vari kure, kuvapa rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, kuvaisa Muvimbiso. Zvino tine mvumo yokukunda zvirwere zvose. Hatipo kukunda, nokuti zvakatokundwa kare. Tinongotenda vimbiso toenda kundoitora. Zvakatokundwa kare. Rufu rwakakundwa, gehena rakakundwa, zvirwere zvakakundwa, miyedzo yakakundwa, madhimoni ose akakundwa, gehena rakakundwa, rufu rwakakundwa, guva rakakundwa. Takamira pasuwo, tichiritora! Hatitomborwisi. Mubairo wakatobhadharwa.

53 Muvengi Wake, Achatora suwo romuvengi Wake. Kana angava mamiriyoni mangani ezvuru? Achatora suwo romuvengi wake, muvengi wose! Akamuka kuvakafa. Tinotora nokuti Wakatipa. Chipo chatakapiwa pachena, pamusoro paizvozvo, uye nazvose zvaAkaita, nokukunda suwo rose-rose, Akakunda zvirwere, ndokutora suwo. Chatingaita chete kuenda kumuvengi toti, “MuZita raJesu Kristu, Akakunda!” Ameni.

54 Nguva yokufa yasvika, rufu parwunoti, “Tarisai ndichaita kuti arambe kunamata kwake.”

55 “MuZita raJesu Kristu weNazareta, vhura nzira, Jordani!” Mbeu yaAbrahama inotora suwo.

56 Ndicho chikonzero, Pauro akati, pavakanga voda kumugura musoro, aiva mbeu yaAbrahama, akati, “‘Rufu, rumborera rwako ruripi? Guva, kukunda kwako kuripi?’ Mwari ngaArumbidzwe Anotipa kukunda muna Jesu Kristu.”

57 Achatapa suwo romuvengi wake, Acharitora! Zvino, haakundwi nesuwo; anokunda oritora, rova rake! Zviri Musimba Rake.

58 MuChechi yaMwari Mupenyu, mangwanani ano, mune simba rokupodza zvirwere zvose. MuChechi yaMwari Mupenyu mune simba rokukunda miyedzo. MuChechi yaMwari Mupenyu, mangwanani ano, mune simba rokushandura chivi nokuchirashira kure, nokugashira kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, muKereke yaJesu Kristu. “Chose chamunoshuva, kumbirai muZita Rangu munochigamuchira. Kanguva kaduku nyika (havazi Mbeu, imbeu isina kuberekwa patsva) havartazoNdioni. Asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi, ndiri mamuri, kusvika kumagumo enyika” Chii? Mbeu yoHumambo. “Mabasa aNdinoita, muchaaitavo. Ndichasimbisa partangu kuti Ndinemi, nokuti zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda.” Achakunda mbeu yomuvengi wake. Achatora, mbeu yake ichatora suwo romuvengi wayo.” Hazvinei kuti isuwo rakadini, hungava hurwere, miedzo, chivi, suwo ripi zvaro, rakakundwa. Mbeu yaAbrahama yakaritora.

59 Hamufari here mangwanani ano kuziva kuti takamira tiri vakundi nokupfuuridza, kupfuura mukundi zvakanyanya! Oh, hapana chokurwira. Kurwa kwakapera, nyere yakaridzwa, mureza wakasimudzwa; zvino pakati pedutu rose rechivi, mukati memba yose inorwariwa, muno muchinjikwa wakadzikwa neRopa raJesu Kristu, Akakunda. Chatingaita chete kutenda, totarisa towana hupenyu, “Ndichava nemi, Ndichazviratidza! Vanhu vartauya pamazuva okupedzisira, vachiti, ‘Aha, hameno, *zvanga zviri*’ Asi Ndichava nemi, uye zvinhu zvandakaita pano panyika, Ndichange ndiri mamuri Ndichiita zvimwechetezvo. Ipapo muchaziva. VartaNdiona. Va . . . Vanhu vangu vartaNdiona. Mbeu yaAbrahama ichaNdiona. VartaNdiziva. Vamwe vartaNdidaidza kuti ‘Berizeburi’ sezvavakaita, asi imi muchaNdiziva nokuti Ndinemi. MuchaNdiona, kuNdiona nameso enyu. MuchaNdiona, nokuti Ndichange ndiinemi, kusvika kumagumo enyika. Zvinhu zvaNdinoita, uyo anotenda kwaNdiri mabasa aNdinoita artaaitavo. Mabasa mamwechetewo!”

60 Zvino nhasi Chechi yaMwari Mupenyu inomukana wokumira nokuona Jesu Kristu Akamuka, Achikunda,

Mwanakomana waMwari mupenyu, akamira nesu, achirarama muChechi yaKe, achiita zvimwechete, zvaAkamboita. Zvino tinokunda (tora) suwo romuvengi wose.

61 Kana uine muvengi mangwanani ano, hama yangu, hapana . . . kana uri mbeu yaAbrahama, mushure mokunzwa izvi, hakuna madhimoni akakwana mugehena angavhara suwo iri pamberi pako. Rinotozaruka. Handina mhosva kuti chingava chii, unoenda kwachiri sembeu yakavimbiswa, woti, "Ndinotora izvi kuva zvangu. Ndezvangu nokuti Mwari Wakapika kuti Achamutsa Jesu zvino nokuda kwaJesu ndichakunda, uye ndauya muZita roMukundi uyu, Jesu Kristu. Suduruka, Ndirikupinda!" Ameni. "Achatora suwo romuvengi." Ipapo mira mapfudzi ako akasimudzwa, nhovo yako ichipenya, yakaiswa muRopa raIshe Jesu, muvengi artazviziva.

62 Kana kuine chaunoda, taura kwaAri ikozvino tichinamata. Nemi muri muno mangwanani ano, makakotamisa misoro yenyu, kana uine chikumbiro, ungasimudza ruoko rwako here kuna Jesu utaure nechomumwoyo mako. Mumwoyo, uti, "Ishe, Munoziva chido changu. Zvino ndanzwa mangwanani ano, uye zviri muBhaibheri, 'Uchatora suwo romuvengi.' Ndauya kuzoritora. Ndingangodaro ndiine hasha, ndingadaro ndichifanira kuva noMweya Mutsvene, chivi chakandisunga. Ndine chikumbiro, asi ndiri kuuya pasuwo zvino." "Ndichatora suwo, mangwanani ano. Zvino sudurika, Ndiri kupinda."

63 Ishe vanokudzwa, Maona maoko ose awa, uye Munoziva kuti iri Ishoko Renyu, Ishe. Ndangoritaura nokuriunza sezvariri mumaGwaro, ndataridzavo vanhu kuti vomuBhaibheri, vakakunda sei madzimambo nokuunza kururama, nokudzima mwoto, nokukunda simba romwoto, vakapukunyuka pamunondo, vakamisa miromo yeshumba, zvakare, oh, madzimai avo akamutsirwa vakafa vavo, nezvimwe zvakawanda nokuti Makazvivimbisa. Ivimbiso Yenyu, "Mbeu yake, mbeu yako, Abrahama, ichatora suwo ro—romuvengi." Uye Munochengeta vimbiso Yenyu.

64 Zvino vapei Ishe, zvido zvomwoyo yavo. Ngavaende vava vanhu vashandurwa. Ngavaende, vachiziva kuti va—vakundi nokuda kweMbeu yoHumambo yakavakundira. Ishe Mambo paAkauya, akaberekwa nemhandara, Akakunda muvengi wose, kunyangwe rufu, zvino rufu partarwo harutyisi kumbeu yaAbrahama. Tine vimbiso yokuti tichagara nhaka yenyika, togodzokazve nokubwinya kukuru, mumutumbi wakahwinyiswa, shure kwokunge muvengi wokupedzisira aiswa pasi petsoka, dzemwana waMwari wokupedzisira kupinda muHumambo.

65 Kana pakati pavakasimudza maoko, Ishe, paine vatadzi vaponesei. Avo varikudzokera shure, Itai kuti vanzwe kuti havafaniri kuramba vakadaro. Anogona kukunda suwo

iri rokudzokera shure. Angadaro ari uyo ane hasha kana ru—rurimi runotaura zvinonyangadza, rune tsvina, kana mwoyo unoruchiva, kana anokara mari kana—kana chimwe chinosemesa, Itai vazive kuti vanokwanisa kutora suwo irero. Zvichida kurwara, Ishe, kana kutambudzwa, vangatora suwo iri, "Nokuti Wakakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, Wakarobwa nokuda kwokudarika kwedu; kurangwa kworugare rwedu kwakava pamusoro paKe, namavanga aKe takaporeswa." Tiri vakundi mangwanani ano. Tiitirei, Ishe. Pamusoro peizvi, basa guru rakaitwa naYe, asi iye Anesu. Asi akavimbisa kuti Achazviita, "Chinguva chiduku zvino nyika haichaNdioni, asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enguva." Ndinonamata, Baba, kuti Muzvizivise kuno mumwe nomumwe mangwanani ano. Nokuti tazvikumbira muZita raJesu. Ameni.

66 Munotenda kuti ichokwadi here? Tenda wakaperera kuti iChokwadi, usina kana kupokana kuduku zvako mumwoyo wako. Zvino rangarirai izvi, kushanda koMweya Mutsvene kwakapfava zvokuti kunokanganisa pfungwa dzavakadzidza. Zvinhu zvinyoro zvandati Ndambo . . . ndakaona Mweya Mutsvene uchiita izvi; Ndingataure zvinhu, zvokuti, mukufunga kwangu Handaimbofunga mafungire iwayo. Dai ndaishandisa pfungwa dzangu ndaiti, "Aa, hazvisizvo." Asi nguva yose zvinongoitika saizvozvo. Anoita zvinhu muhunyoro. Uye Anoita zvinhu kuti Azviratidze kuvanhu Vake. Mwari Anavanhu vaKe. Ari pakati pavanhu vaKe. Anovada uye Anoda kuvashandira, nokuvabatsira, nokuita kuti vasazive kwete zvaAchaita, asi zvaAkaita. Akatozviita kare, ndezvako. Ndiwe muridzi. Chipo pachena kubva kuna Mwari Baba vedu, KuKereke yaKe.

67 Asi vepfungwa vanokanganisika kwazvo, samazuva aDanieri, namazuva avana vechiHebheru, namazuva avamwe vakawanda vatataura nezvavo mangwanani ano. Wonai, Vanhu vazhinji vemifungo yenyama panguva iyi vakanga vakaomarara zvakangoita vanhasi. Muvengi ndiye anodaro nguva dzose, mumaonere avo, zvinhu zvisingafanirwi kuyananwa nazvo, pamaonero avo nedzidzo yavo yesainzi, nezvimwe, zvakanga zvakaoma kupfungwa sezvazvakaitavo nhasi. Maona, zvaiva zvimwechete. Asi vaivapo avo, nguva dzose vairamba varipo vachiti, "Mwari haakanganisi. Shoko raMwari ichokwadi."

68 Zvino iwe, hautarisirwi kuti ukunde, nokuti Akakunda. Chaunoita kuenda kundotora, womira pasuwo, woti, "Ndezvangu. Izvi ndezvangu. Mwari akandipa, ruponeso rwangu. Kana ndichida Mweya Mutsvene, Mwari akandipa. Vimbiso ndeyangu, navana vedu, navose vari kure, ivavo vose vartadanwa naIshe." Ndicho chikonzero ndakamira sa . . .

69 Ndicho chikonzero shumiro yangu yokuziva zvakavanzika zvomwoyo nezvimwevo, ichasvika pakuguma zvino. Kwete kuti inenge isisipo, asi nokuti parikuuya zvinopfuura izvi.

Maona? Iri kuramba ichikura; kubva pandaiita zvokubata ruoko, kusvika pakuziva zvakavanzika zvomwoyo, zvino ikozvino pane zvimwe zvava kuda kuitika. Maona? Murikuzviona? Zvitarisei muzive kuti ichokwadi. Wonai, Ndinoziva iChokwadi, uye zvicharamba zvichikura, zvichiwedzera, zvichiita nani. Chokwadi. Chikonzero, ndechokuti Akazvivimbisa; uye, zvaAnovimbisa, Anoita. Haakundiki pavimbiso dzaKe. Zvino chii? Hupo Hwake hunogara huinesu, kuisa . . . kuti uzive kuti Akakukundira suwo.

70 Aiva Mbeu yoHumambo, hakuna aikwanisa kukunda masuwo awa kunze kwaKe. Vamwe vose vakaMutangira yaiva mimvuri yokuuya kwaKe, asi paAkauya, zvakapedza hondo yose. Hondo yakapera muGetsemani napaKarivhari. Ikozvino tinomira savakundi. Maona, hapachina hondo ichaitwa. Kwatiri, hondo yakapera, takakunda. Chinhu chisingaonekwi, asi chitsidzo chakanyorwa naMwari, Baba vedu, Vakasimudza Ruoko rwavo, vakati, "Ndinopika Ndomene kuti Mbeu yako ichatora suwo romuvengi." Zvino hezvi, rakatotorwa. "Wakakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu; namavanga Ake takapodzwa." Zvakatoitwa. Basa rakapera, ndezvedu. "Mabasa aNdinoita, muchaaitavo." Ishe Anesu mangwanani ano. Maropafadzo Ake makuru, Mweya Mutsvene uchifamba pamusoro pedu. Kunzwa manzwire anoropafadza, kuziva kuti zvirikufambirana ne . . . nomumutsetse weShoko raMwari, zvinotipa kunyaradzwa kunoshamisa kuziva kuti—kuti Mwari ndiBaba vedu.

71 Zvino, Ndinotenda, apa—apa here makadhi okunamatirwa mangwanani ano? Ndamuudza kuti ka—kana kuina vanhu vapaTabernakeri chete, zvakanaka, arege hake kupa makadhi okunamatirwa, asi kana ku—kuine vangasvika gumi, gumi navashanu ravanhu, kana vakadaro, vaenzi, kana vakadaro, kuti ape makadhi okunamatirwa, tigovaunza kuti tivanamatire. Vangani vaenzi pakati pedu mangwanani ano, simudzai maoko enyu? Oh, wonai, chokwadi pane gumi navashanu kana makumi maviri. Zvakanaka. Tichakumisai mumutsetse wokunamatirwa namakadhi enyu tokuunzai kuno kupuratifomu. Maona, chikonzero ndataura nezvavanhu vapaTabernakeri, varipo pano.

72 Kunzvera zvakavanzika zvomwoyo uku, rangarirai. Ndiri kutaura kuti, kuziva zvakavanzika zvomwoyo kuchasvika pakuchaguma. Partava nechimwe chikuru uyezve chakapfuura nokunaka, chiri munzira. Pane, zvandinoziva, maona, ndakatarira hama mbiri ikozvino vaiva neni zuro pazvakaitika, maona, uye marimwe zuro pazvakaitikazve. Zvakaitika katatu zvichitevedzana. Uku kuri kusimbisa kuti zvino zvava pedyo, maona, kungogadzirira kuti zvichiitika.

73 Zvino, Ishe, Ndimi Mwari isu tiri varanda veNyu. Tinokutendai neShoko Renyu, noMweya Mutsvene waropafadza

mwoyo yedu. Zvino tinofara, takagara pano, tichiziva kuti tiri vakundi. Takatotora kare masuwo ose omuvengi. Takaapiwa, zvakare tine kiyi yacho chaiyo muruoko rwedu. Zita raJesu Kristu rinozarura suwo romuvengi rose. Tora kiyi iyi, kiyi yeZita raJesu, uzarure suwo romuvengi wose akakusunga kubva pavimbiso ipi zvayo. Zvakare, Mwari, mangwanani ano tinouya muZita raJesu, nekiyi iyi, kuzozarura masuwo avanorwara navanotambudzwa. Nokuti zvakanyorwa mu—muShoko Rake, "Muzita Rangu vartadzinga mweya yakaipa. Vartataura nendimi itsva. Uye vartabata nyoka kana kunwa chose chinokuvadza, hachivakuvadzi. Vartaisa maoko pamusoro pavanorwara vartapora." Tinoziva zvinhu zvose izvi ichokwadi. Zvino tiitirei mangwanani ano, Ishe, kuti vaone, vanhu vakwanise kuona kuti nokuda kokuratidzwa kweShoko rakaitwa nyama richigara pakati pedu, kuti Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, namavanga Ake takapodzwa, uye ngavazvitende vapodzwe mangwanani ano, kubva muzvirwere zvose nehosha nokutambudzika. Tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

74 Tedy ungaridza, *"Only Believe,"* zvinyoro-nyoro uchinonoka, kana uchikwanisa. Zvino munoda kuti nditange panowokutanga? Nhamba yokutanga, kadhi rokunamatirwa. Motsi, piri, tatu, china, shanu, tanhatu, chinomwe, rusere, pfumbamwe, gumi, pana vacho varipo. Zvakanaka. Mungakwanisa here zvinyoro-nyoro, kana muchikwanisa kusimuka, muuye divi rino. Huh? Vanenge, ngationei, nhamba yokutanga, nhamba yepiri. Ndiani ane kadhi rokutanga? Huh? Nhamba yechipiri? Zvakanaka changamire. Nhamba yetatu, nhamba yechina, nhamba yeshanu, nhamba yetanhatu, nhamba yechinomwe, nhamba yesere, nhamba yepfumbamwe, nhamba yegumi.

75 Vachiuya kuzomira panzvimbo dzavo, ndinoda kubvunza imi vamwe mose. Vangani . . . Varipo here vanhu vapaTabernakeri pano vanorwara? Vanhu vapaTabernakeri simudzai maoko enyu. Vanenge vashanu, vana vashanu, vatanhatu, vanomwe, vasere, maoko manomwe kana masere. Aripo here muno muTabernakeri asiri wapano paTabernakeri, muenzi pakati pedu, kunyangwe wauya muno tatanga ukatadza kuwana kadhi rokuti uwuye unamatirwe, ungasimudza ruoko rwako here? Ani zvake ane chikumbiro kuna Mwari, asiri . . . a—asiri wapano paTabernakeri. Ani zvake asiri nhengo yeTabernakeri ino asi—asi achirwara asina kadhi rokuuya kuzonamatirwa, achida kurangarirwa mumunyengetero. Ungasimudza ruoko rwako here, munhu wose? Zvakanaka. Ndizvo zvakanaka. Zvakanaka.

76 Zvino, ndichakumbira kuti muve nokuremekedza kwamunokwanisa kwama ma—maminetsi mashoma, zvino tichabva tangotanga. Zvino ngationei, une nzvimbo yasara yakadini apo, Billy? Zvakanaka, ndiyo . . . nhamba yegumi unayo here? Ndadaidza yokutanga kusvika yegumi. Gumi

neimwe, gumi nembiri, gumi nenhatu, gumi nena, gumi neshanu, ngavasimuke zvino. Ane nhamba yegumi, gumi neimwe, gumi nembiri, gumi nenhatu, gumi nena, gumi neshanu, ngavasimuke. Zvakanaka, motsi, piri, tatu, china, shanu, tanhatu, chinomwe, rusere, pfumbamwe, gumi, gumi neimwe, gumi nembiri. Kwasara vaviri, kubva panowokutanga kusvika pagumi neshanu. [Hama Branham vanoverenga zvinyoro-nyoro—Mupepeti.] Gumi neshanu, gumi nenhanhatu, gumi nenomwe, gumi nesere, gumi nepfumbamwe, makumi maviri.

77 Oh, chimbomirai zvishoma. Nda—ndamuudza kuti ape vanhu vasiri vapaTabernakeri makadhi okuti vazonamatirwa. Ndizvozvo, maona, nokuti tichanzvera zvakavanzika zvomwoyo, Vanhu vanozoti, "Vanhu ava vanouya paTabernakeri." Maona, Ndi—ndinokuudzai, vangani vari pano vasina kumbouya pano, tionei maoko enyu. Munhu asina kumbopinda mumisangano yangu. Zvino, zvakanaka, kwechinguva zvino, Hama Teddy.

78 Zvino, ndingati, mose henyu makanzwa nezvemisangano, kuti inofamba sei, makanzwa here? Imi mose makambova mumisangano? Onai, Ishe wedu Jesu zvaAiva pano panyika, haAna kuzviti Muporesi. Aiva Mbeu yaAbrahama, zvirokwazvo, zvakare Aiva nevimbiso maAri. Akati hapana chaAnoita kusiya kunge Baba vaMuratidza. Ndizvo here? Zvakare Akati, "Handiiti chinhu kusvikira Baba vandiratidza zvokuita." Uyezve zvakanaka. Kwete, "Kusvika Baba vaNdiudza," asi "Kusvika Baba vandiratidza." Johane 5:19, "Mwanakomana haagoni kuita chinhu oga, kana asingavoni Baba vachichiita."

79 Zvino paA—Akauya, tinoona pakutanga kwokuparidza kwaKe, kuti shure kokutora chi—chigaro chaDavidi . . . [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] . . . tichitaura zvapamweya, Mweya Mutsvene pawakauya paAri pakubhabhatidza kwaJohane, Akava Mesiyasi Muzodziwa. Zvino, rangarirai, Aiva Mwanakomana waMwari paAkaberekwa. Aiva Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara. Asi pakauya Mweya Mutsvene paAri akava *Mesiyasi*, nokuti *Mesiyasi* zvinoreva "muzodziwa." Maona? Zvino Akava Muzodziwa apo Mweya Mutsvene pawakauya pamusoro Wake. Makanzwa ndichiparidza pamusoro *peGwayana neNjiva*. Zvino tinoona kuti paA . . . Shure kwamazuva makumi mana okuedzwa kwake, Akauya (murenje).

80 Zvino Shumiro yaKe yakatanga sei, uye yakapera sei? Tinoziva kuti mukuparidza kwaKe paiva nomurume ainzi Andireya, akaenda akandotora mukoma wake, Simoni, mubati wehove, akauya naye kunaJesu. Zvino Jesu akamuudza, akati, "Zita rako ndiSimoni. Rababa vako, ndiJonasi. Kubvira zvino uchanzi *Petro*, zvichireva 'katombo.'" Munozvirangarira here? Zvino murume uyu akashamiswa chose nezvaakaudzwa naJesu! Zvino, Mesiyasi haaifanira kuita izvi here? Vangani vanozviziva, itayi, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni"—Mupepeti.] Aifanira kuva Mwari-muprofita. Ndizvo, changamire. Mosesi akati,

“Ishe Mwari Wenyu Achamutsa muprofita akafanana neni. Zvichaitika kuti asingateereri muProfita uyu artabviswa pakati pavanhu vake.”

81 Zvino, pamberi tinoona kuti, Aiva . . . Akauya kuno vokwaKe. Ndivanaani ava? MaJuda, panyama. Asi vokwaKe havana kuMugamuchira, nokudaro Akanga . . . zvino akaenda kuvaHedheni, maona, nokuti VokwaKe havana kuMugamuchira. “Asi vose vakaMugamuchira, Wakavapa simba kuti vave vana vaMwari.” Zvino nokudaro Akauya kumaHedheni, uye ava kukwana makore ane zvuru zviviri Ainavo. Asi zvino onai zvinhu zvaAkaita.

82 Zvino Firipo, aona izvi zvichiitwa, akaenda kundotsvaka Natanieri akamuudza akanga aona ani, uye nezvaAkanga aita, zvikamushamisa. Zvakamunetsa kuti azvitende, asi paakasvika muHupo hwaShe Jesu, paakaona paAiva, akasvika muHupo Hwake, Jesu akati, “Tarira muIsiraeri asina chaanopomerwa.”

83 Zvino, dai wakanga wakamirapo, unofunga here kuti ungadai wakava nokunzwisisa zvomweya zvakakwana kuti uzive kuti Aiva ani? Unofunga kuti waizvikwanisa here? Zvino chiona. Onai, murume uyu, aiva munhu waasina kumbenge aona, zvichida aiva mubati wehove. Aiva muvezi, ndiro raiva basa rake. Muvezi uyu amirepo, murume akanga abva zero, ndokusvikirwa nomurume uyu. Akamutarira, sokutarira kwaangaita vamwe vavarume ava vari pano, akati, “Tarirai muIsraeri, asina chaangapomerwa.” Zvakanaka, Akaziva sei kuti aiva muIsraeri? Kwete namapfekero ake, nokuti vose vaipfeka zvakafanana. “Asina chaangapomerwa.” Akaziva sei kuti aiva murume a—asina chaangapomerwa?

84 Nokudaro, zvakashamisa murume uyu, aiva mutendi wechokwadi, akati, “Rabhi,” kana kuti hama, muparidzi, mudzidzisi, “Mandiona riini?” Maona, aiMubvunza.

85 Akati, “Firipo asati akudana, uri pasi pomuti, Ndakuona.”

Akati, “Muri Mwanakomana waMwari. Muri Mambo waIsraeri.”

86 Jesu akati, “Watenda, nokuti ndakutaurira izvozvo, uchaona zvikuru kupfuura izvi.”

87 Ndicho chikonzero ndichitenda kuti Chechi yaMwari Mupenyu ichaona zvinhu zvikuru kupfuura izvi. Iri kugadzirira kupinda mazviri ikozvino, nenguva pfupi, maona, nokuti vakazvitenda. Avo vakazviramba nokuda kwokudziviswa namasangano, handioni kuti pane chimwe chavartazotenda. Zvinhu . . . Unototi ufambe muChiedza kana kuti unova bofu. Chiedza chinopofomadza, kana kuti chinoratidza nzira.

88 Shiri duku, dzandakaona, paMufananidzo we’Liberty (ivai nechokwadi kuti mazviona, Hama Toms, kana maenda ikoko,

ndizvo), dzinobondera ipapo dzichifa. Zvino ndakati, "Chii chikonzero?"

89 Zvikanzi, "Panzvimbo yokuti dzitevere chiedza, nguva yedutu, kuti dzipukunyuke, dzinoedza kudzima chiedza, zvino dzobondera dzozviuraya."

90 Ndicho chinhu chete chinoitika kana warwisana neChiedza, unozviuraya pamweya. Ingofamba muChiedza sezvaAri muChiedza, zvino tozova nokuyanana mumwe nomumwe, chechi dzose dzinotenda dzoenda dzichitenda maropafadzo aMwari. Hazvingashamisi here izvi?

91 Tarisai mukadzi weSamaria paakauya. Aiva muSamaria, kwete muJuda, asi muSamaria. Zvino Akati, "Ndipevo mvura." Kutaurirana kwakaenderera mberi. Zvino izvi tinoitira vatsva. Kutaurirana kwakaenderera mberi.

92 Zvino akanga asingaMuzivi saMesiyasi. Aingova zvake mu—murume, muJuda. Mudzimai akatanga kutaura, akati, "Sei, hazvina kufanira kuti iwe muJuda utaure neni mukadzi weSamaria seizvi." Akaenderera mberi akati, "Hatidyidzane."

93 Iye Akati, "Asi dai waiziva wauri kutaura naYe, waiNdikumbira mvura; Ndaikupa, mvura yokuti hauzouyi pano kucherazve."

94 Sei, mudzimai akabvunza, "Mirai zvishoma." Akati, "Isu tinonamata mugomo iri, asi imi maJuda munonamata paJesurarema."

95 Jesu akati, "Asi nguva inouya apo—apo musingartazonamati paJerusarema kana mugomo iri, asi muMweya; nokuti Mwari Mweya, naizvozvo vanomunamata vanofanira kuMunamata muMweya nomuZvokwadi." Maona? Zvakanaka, Akaenda mberi, Achitaura naye kusvika Awana paiva nedambudziko rake. Chii, munoziva paiva nedambudziko rake? Pane anoziva here dambudziko romudzimai uyu aiva patsime? Aiva navarume vakawanda, handizvo here? Nokudaro Akati kwaari, "Enda undotora murume wako uuye pano."

Akati, "Handina murume."

96 Akati, "Ndizvozvo. Una vashanu, uye waunaye ikozvino haazi wako."

97 Mudzimai akati, "Changamire!" Zvino mutarisei. "Changamire, Ndinoona kuti Muri muProfita." Ukatevedza zvinyorwa zvinotsanangura mavhesi, unozoona kuti, "Changamire," pakududzirwa kwokutanga "Muri . . . Ndaona kuti Muri muProfita uya!" Rangarirai kuti muBhaibheri, akati, 'MuProfita uya'? Muri 'muProfita uya' here?" Upi MuProfita Wacho? Mumwechete akanzi naMosesi Achamuka. "Ndaona kuti Muri muProfita. Zvino tinodzidziswa uyezve tinoziva kuti kana Mesiyasi Auya Achaita zvinhu izvi." Ndicho chaiva chiratidzo chaMesiyasi, ndizvo here, kuziva paiva nedambudziko rake?

Mudzimai akati, "Tinoziva kuti kana Mesiyasi Auya Achatiudza zvinhu izvi. Ko Imi Ndimi Ani?

Akati, "Ndini Iye Anotaura newe."

98 Akasiya chirongo chake. Ndinofunga, kuti akaenda muguta achimhanya, akabata mwoyo wake, achiti . . . akaisa maoko pachipfuva achikwakuka, achiti, "Huyai muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. HaAziye Mesiyasi Uyu here? HaAziye Uya Akanzi neBhaibheri Achauya here? MuJuda agere uko, Munhuvo zvake, anotaridzika somuvezi. Asi andiudza kuti ndina varume vashanu, zvino imi mose munoziva kuti ichokwadi. Anofanira kuva Mesiyasi." Ndizvo here?

99 Zvino, Jesu akati, "Chinguva chiduku, kanguva kadiki, nyika haichazoNdioni. Asi imi muchaNdiona nokuti Ndichava nemi, kunyangwe mamuri. Namabasa Andinoita muchaaitavo. Kunyangwe anopfuura Andinoita pano, muchaaita nokuti Ndinoenda kuna Baba, ndozodzoka ndiri Mweya." Chibairo chakaitwa, Mbeu yoHumambo yakafa, Mbeu yoHumambo yakamuka zvakare. Zvino Chechi inoruramiswa, nokutenda izvi, uyezve Mbeu yoHumambo inouya muvanhu ava yovaita vadyi venhaka, vanakomana navanasikana vaMwari.

100 Zvino, kunemi mose kunze uko musiri mumutsetse uno wokunamatirwa, Ndanga ndamuudza kuti ape chete makadhi kuvanhu va . . . Pandamuraira mangwanani ano, anga andibvunza achiti, "Munoda kuti ndindopa makadhi here, Baba?"

101 Ndati, "Kana kuine vanhu vangasvika gumi vasiri vapaTabernakeri."

102 Zvino, dzimwe nguva ndinopa vapaTabernakeri makadhi okunamatirwa. Vasiri vapano vodzoka, voti, "Ehe, anovaziva nechekare, vapaTabernakeri. Anga achiziva zvavari. Chokwadi."

103 Ini ndoti, "Ngakuuye avo chete vasiri vapaTabernakeri. Zvakanaka, imi vokunze kweTabernakeri, ndimi muchapinda mumutsetse wokunamatirwa."

104 "Oh, hatizivi," ndizvo zvinozoita vapaTabernakeri. "Hatizivi kuti dambudziko ravo nderei. Pamwe anga achinyepa, maona."

105 Zvino ndoti, "Ngapashaye anouya. Regai Mweya Mutsvene ushande naavo vari muno vasiri vapaTabernakeri, vakagara mukati umo." Asi munoramba makango . . .

106 Hapana nzira zvayo yokuti munhu auye kuna Mwari kunze kwokunge akatemerwa kuva Mwanakomana waMwari. Hakuna nzira zvachose yokuzviita. Jesu akati, "Hakuna munhu anouya kwaNdiri kusiya kokunge Baba Vangu Vamudana." Zvino ichi iChokwadi. Zvose zvaAaita, paiva nechaipikisa. Akazviita nenzira *iyi*, ivo voti deno zvaitwa nenzira *iyo*; nenzira *iyo*, voti zvakare ngazviitwe nenzira *iyi*. Maona, kunongova kusatenda.

Asi uchenjeri hunoruramiswa navana vahwo. Zvino muno, munoona.

107 Zvino apa, Ndinoda kutaura izvi ku—kuungano ino, kuti Jesu Kristu Aiva Mbeu yoHumambo. Kwete isu; asi Iye. Tingori vadyi venhaka yaizvozvo, asi zvinhu zvose ndezvedu. Ko dai Akamirapo zuva riya rakauya, Simoni zvino iwe, kwete mumwe, ichi ndicho chinhu chokutanga chaAkaita?

108 Zvino, ndichovo chichava chinhu chokutanga kuvanhu ava, kana Akazviita, havana kumbozviona.

109 Asi Simoni paakauya, akanga akwegura ari murauri wehove, asina kudzidza zvakakwana kuti anyore zita rake papepa. Bhaibheri rinoti akanga asingazivi uye asina kudzidza, inzwi rokuti "uye" rinobatanidza, zvose kuti kusaziva nokusadzidza. Naizvozvo paakafamba muchiratidzo cha . . . ? . . . Jesu, Jesu akati, "Zita rako ndiSimoni." Unofunga kuti akafungei? Ungadai wakafungei dai wakanga uripo? "Uye zita rababa vako ndiJonasi. Uye kubvira zvino uchanzi Petro." Chii, chii chaungadai wakafunga? Munhu uyu Aiverenga pfungwa dzake here? Zvakanaka, ungadai wakafungei? Waifunga kuti chiratidzo chaMesiyasi here?

110 Kana chakanga chiri chiratidzo chaMesiyasi, nguva iyoyo, chinofanira kuva chiratidzo chaMesiyasi munguva yepiri, yetatu, neyechina, nguva imwe neimwe chinofanira kuva saizvozvo, nokuti Mwari haashanduki. Zvino vangani vanoziva kuti Mesiyasi Aiva Mwari? Chokwadi, Aiva Muzodziwa. Chokwadi. Nokudaro haAshanduki. Anofanira kusashanduka.

111 Ndicho chikonzero Akapupurira maSamaria sezvaAkaita kuMaJuda, nokuti kune ndudzi nhatu dzavanhu dzinoti vanhu vaHami, vaShemi, nevaJafeti; MuJuda, MuHedheni, noMuSamaria.

112 Zvino, munoona here mashandire oMweya Mutsvene? Vangani vaona kuti Petro aiva nekiyi dzoKudenga? Munorangarira here kuti akazarurira maJuda pazuva rePentekosta, Firipo akandoparidza kuSamaria, akavabhabhatidza muZita raJesu Kristu; asi Mweya Mutsvene wakanga usati wauya pamusoro pavo; Vakazotumira Petro kuti auye, akaisa maoko pamusoro pavo vakagamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvo here? Uye imba yaKornerio, mu—muHedheni yakaUgashira. Ndiwo marudzi acho oga, kubva ipapo. Zvino Jesu akazarurira vose, wazvionaka. Maona, Aifanira kuzarura. Mwari ane nzira dzokuita nadzo zvinhu.

113 Zvino, mangwanani ano, kana Uyo Akapa Vimbiso kumbeu, uye kana mbeu iri pano (Ndinoda kutenda kuti mumwe nomumwe wenyu imbeu) kana mbeu yakagara pano, zvirokwazvo mbeu ichaona Vimbiso. Zvino, mumwe nomumwe wavanhu ava vamire pano vasimudza maoko avo, havana kumbopinda misangano iyi. Handina wandinoziva. Kana

nomumwe wavo. Vangouyavo pano, uyevo nguva pfupi yapfuura Billy avapa makadhi okunamatirwa, zvino vamire pano. Kuna vazhinji venyu vasimudza maoko avo kwamakagara ikoko, kuti hamuna makadhi okunamatirwa zvakare muri vaenzi pano. Hazvinei. Tenda chete kuti uri mudyi wenhaka yevimbiso iyoyo. Ingotenda kuti namavanga Ake wakaporeswa, uye tenda nomwoyo wako wose, uwone ZvaAnoita.

114 Chinhu chiri pachipo ichi, kungozviisa pasi paKe. Hapana zvandinotaura, Ndiye Anotaura. Zvino kana Uri Mweya Wake wokuprofita, muprofita nguva dzose aiuya achiti ZVANZI NAJEHOVHA. Nguva yose zvaiitika. Uye hapana mubvunzo paDzidziso, nokuti zvi—zvinofanira kuenderana neBhaibheri, kana Ari Mwari. Mwari haAngatauri chinhu Wochishandura zvakare. Chinofanira kuramba chakadaro nguva dzose.

115 Zvino, imi muri kunze uko, tendai nomwoyo yenyu yose, tendai. Musafamba-famba, garai makadzikama zvino, munhu wose. Musingamhanye-mhanye uye zvinyoro-nyoro sokukwanisa kwenyu. Zvaitika kuti, munhu wokutanga kumira pano mangwanani ano, murume. Zvino tichashandisa Gwaro iri.

116 Munoona here chinhanho chandiri? Vangani vanonzwisisa? Pana varume navakadzi vakamira pano vandisati ndamboona muhupenyu hwangu. Havana kana kumbova mumisangano, zvino munoona pavakamira. Havazivi zvichaitika, neni handizivivo zvichaitika. Asi Mwari akazvivimbisa! Abrahama akanga asingazivi zvaizoitika paakatora banga kuti auraye Isaka, asi Mwari akamuvimbisa. Ndizvozvo. Akanga Amugashira somumwe kubva kuvakafa, Achiziva kuti Aizokwanisa kumumutsa kuvakafa. Ndizvo here? Zvino ndizvozvo.

117 Zvino pano pamire murume, handisati ndambomuona, handina chandinoziva pamusoro pake. Tiri vatorwa. Hatizivani. Mwari Ndiye Anoziva tose. Zvino, nechipo Chitsvene, ndikangoita nechipo . . . Zvino, zvipo izvi ndakaberekwa nazvo. Mwari Akazvitemera nyika isati yavapo. Vangani vanozviziva? Zvino hapana chandakaita kuti ndiwane chipo ichi, Isarudzo yaMwari. Handina kusarudza; Ndiye akasarudza. Maona? Savaprofita veTestamente yaKare, navanhu vakasiyana, vakanga vakatemerwa kuti vazviite, kuita izvozvi.

118 Zvino, kana murume uyu achirwara, handikwanisi kumupodza. Kana aine chaanoda, zvinobva kuti chaanoda chii kuti ndione kuti ndingamubatsira here kana kuti kwete. Zvichida, dai chiri chinhu chakadaro a . . . chinhu chandingakwanisa kumubatsira nacho, maona, ndingafara kuzviita. Zvichida ane hasha. Zvichida haasi muKristu. Zvichida muKristu. Zvichida munyengeri. Handizivi. Ko kana achingoedzesera, munhu angopindavo muno, achiedza

kuva somumwe munhu, tarirai zvinoitika, maona, i—onai zvinozoitika. Maona? Handizivi.

119 Asi, onai, ndinomira pano, ndakakwana, ndichiziva kuti Mwari akaita vimbiso, Mwari anochengeta vimbiso yaKe. Unoona? Zvino, kana Mwari akachengeta vimbiso yaKe pano, kuvanhu ava, vangani venyu muungano vartatenda nomwoyo wavo wose, kutenda nomwoyo wose? Kana zvakadaro chitarisai.

120 Zvino, ngationei, titorei Gwaro. Apo, Simoni Petro akauya kuna Ishe Jesu. Paakasvika panaShe Jesu, Ishe Jesu akamuudza kuti ainzi ani, aka—akamuudza zvinhu zvohupenyu hwake. Zvakanaka, Jesu iyeye anorarama nhasi. Unotenda here kuti Iye, Akamuka kuvakafa? Unotenda here kuti Mweya waMesiyasi uri muKereke nhasi kufanana nezvaWaingoita? Zvakanaka.

121 Zvino, imi makateerera musina makadhi okunamatirwa, tarirai kuno mugoti, "Ishe!" Ehe, hapana ane kadhi rokunamatirwa kwamuri ikoko, vari pano vose. Imi musiri pano itii, "Ishe, Ndibatei." Mugoona zvinoitika.

122 Zvino, iwe uri pano, dai paiva nenzira pasi pano yokukubatsira, ndaikubatsira. Maona, Ndiri, hatizivani, zvino ndi—tasangana kokutanga. Asi ndakafanirwa somuparidzi, kutaura Chokwadi nokuva chapupu chaJesu Kristu. Uye, zvino, musandiudza chinhu. Ndinongoda kuti mundipindure kuti ichokwadi here kana kwete, zvino mosiira Iye kuti azviite. Zvino kana Akashanda pano mumutumbi wangu, sezvaAkaita mumutumbi waJesu, ndiMwari munaKristu . . . Jesu Akati, "Hapana chandinoita kusiya kana Baba, vari maNdiri, vaNdiratidza. VanoNdiudza zvokuita." Nokudaro haazi Jesu akaudza mudzimai, ndiBaba vaiva maAri, ndivo vakaudza mudzimai. Akanga asi—asiri Jesu Akaziva kuti Simoni Petro ndiani, ndiBaba vaiva maAri, vakaziva kuti Simoni Petro ndiani. Ndizvozvo, maona, ndizvozvo.

123 Rega ndikuudze zvino, uri muKristu, hongu, changamire, nokuti une mwe—mweya wakanaka uri kufamba mauri. Uye uyu mu, mutendi, muKristu. Zvino unotambura nokusagadzikana kunokupa kurwadziwa nomudumbu. [Murwere anoti, "Ndizvozvo"—Mupepeti.] Ndizvozvo here? ["Ndizvozvo"] Maona? Maona? Zvino ndizvo chaizvo. Ndazvi—ndazviziva sei? Ndingaziva izvozvo sei pasi pano? Hatina kumboonana. Ichokwadi, handizvo here? Zvichida Achakuudza zvimwe. Ndichakuudza, hechino chimwe chinhu, ndinoona mudzimai wauinaye. Unaye, mudzimai wako. Anodawo kubatsirwa, zvakare. ["Ndizvozvo"] Zvakanaka, changamire. Unotenda here kuti Mwari angandiudza dambudziko romudzimai wako? ["Ndinoziva Anokwanisa"] Zvakanaka, changamire. Ane chirwere chomwoyo, namamwe matambudziko. ["Hongu, changamire"] Ndizvozvo, handizvo here? ["Ndizvozvo"] Anovhunduka-vhundukavo zvakare. Hongu, changamire. Uye,

hamubvi muguta rino; munoenda *nouku* pamunoenda kumusha, muchienda kuCincinnati. Ndizvozvo. Munobva kuCincinnati, kuOhio. [“Hongu, changamire”] Zita renyu ndiMilliken. Dzokerai, endai kumusha, mupore. Ishe artakuropafadzai zvakare muchaporeswa, imi nomudzimai wenyu. Mwari akuropafadzei. Huyai, imi, Munotenda here? Ivai nokutenda, musapokane.

124 Zvino ivai nokuremekedza chose, munhu wose zvino, nyatsoremekedzai, makanyarara. Wonai, Mweya Mutsvene haudi kukanganiswa. Vangani vanozviziva? Haudi kuvhunduswa, Mweya Mutsvene, maona, kukanganiswa kuduku-duku kunoUtambudza.

125 Sokuona kwavanachiremba, unofanira kufa izvozvi, nechirwere chomwoyo. [Murwere anoti, “Hongu”—Mupepeti.] Ndizvozvo. Mabva kuChicago, vaMosley. [“Hongu”] Zita renyu rokutanga ndiTheodore. [“Hongu”] Munotenda Mwari here? [“Hongu”] Kubva endai kumba murarame, muZita raJesu Kristu, uye mupore. Mwari akuropafadzei.

126 Munotenda Mwari here? [Murwere anoti, “Zvirokwazvo ndinotenda. Ndizvo, changamire”—Mupepeti.] Munotambudzwa negumbo rinorwadza. Zvakare, hamubvi muguta rino. [“Ndizvo, changamire”] Munobva kuOwensboro, kuKentucky. Zita renyu ndiMai Lamb. [“Ndizvo, changamire”] Chidzokerai kumusha mupodzwe.

127 Mudzimai akagara apo uyo, anobvawo kuOwensboro, une bundu pazasi pazamu rako apa, rinofanira kuvhiyiwa mangwana. Chienda, uchitenda, uchararama.

128 Munotenda here, changamire? Hatizivani. Zita renyu ndiGilroy. Ndizvozvo. Munobva kuAnderson, kuIndiana, kune boka guru reChurch of God. Ndizvozvo. Mauya pano nokuda kwomwanasikana wenyu anonetseka zvishoma. Akati womei mutezo. Munozvitenda here? Zvino chiendai kumusha mondomuwana aita sokutenda kwenyu. Zvakanaka, Mwari akuropafadzei. Ivai nokutenda, tendai.

129 Munotenda nomwoyo wenyu wose here, changamire? [Murwere anoti, “Ehe, changamire”—Mupepeti.] Munobva kuIndianapolis. [“Ndizvozvo”] Muri muparidzi weEvhangeri. Uyo mukadzi wenyu. Uh—huh. Anorwara zvakare. Ane pahuro panorwadzira mukati. Chiremba . . . akati chirwere chomwoyo, nokungovhunduka—vhunduka. Ndaona kuti haanzwi mu . . . Huya pano. Ndatenda. Iwe mweya wohumatsi, muZita raJesu Kristu, ndinokuraira naMwari Mupenyu, buda mumudzimai uyu. Zvino mava kundinzwa zvakanaka. Chidzokerai kumusha kwenyu mose munondoita zvakanaka. Chidzokerai kumusha kwenyu. Mundonzwa zvakanaka mapora nokuti muchapora.

130 Munotenda nomwoyo wose here? Ingotendai munaMwari, tendai.

131 Chirwere chokushaya simba mumapfupa chakaipa kwazvo. Unotenda here kuti Mwari anokupodza? Kana zvakadaro famba uende naapo uenda kumba, uchirumbidza Zita raKe, uchiti, "Ndinokutendai, Mudikanwi Ishe Jesu." Chikonzero ndakurumidza kuzvibata, ndechokuti mudzimai uyu ane chirwere chimwechete, chokupera simba mumapfupa. Zvino unotenda here kuti Mwari anokuporesa? Zvakanaka, changamire, zvino famba uende naapo, uchiti, "Ndinokutendai, Ishe Jesu," uye uende hako kumba.

132 Zvakanaka, hazvanzi, dzokera uende, uye utende kuti ku—kuomarara kwemabvi ako, uye kurwadza kwemwoyo wako nezvimwevo, dzokera kumusha, uchiti, "Ndinokutendai, Ishe Jesu," unopora. Tenda nazvose zviri mauri.

133 Munotenda here? Ko imi kwamuri uko, vamwe venyu uko, munotenda here?

134 Mudzimai muduku akagara apo, ane vhudzi dema, ane chirwere chepfari, unotenda here kuti Mwari Anokupodza? Zvakanaka unozvigamuchira here? Zvakanaka, kana ukatenda, Iye anozviita.

135 Pano muparidzi akagara apa. Anoda kufamba padyo naMwari, hazvisiri izvo here, changamire? Unotenda here kuti Mwari artakuitira izvozvo? Simudza ruoko rwako uti, "Ndazvigamuchira." Uh-huh.

136 Mudzimai uyu akagara apa aisa ruoko rwake pasi, ane dambudziko pamweya wake raari kufunga nezvaro. Ndizvozvo.

137 Pano mudzimai ari pano anofunganya kuti artazoitavo mwana here. Ndizvozvo. Wakambopinda mumusangano wangu. Uye ndakakuvimbisa, nokuda kwaMwari kuti uchava nomwana. Handina here? Zvakanaka, zvino chienda kumusha uchava naye. Usachafunganya nezvazvo zvakare.

138 Munotenda nomwoyo wenyu wose here, mose? Mumwe nomumwe wenyu ngaatende? Mbeu yaAbrahama ichatora suwo, suwo romuvengi. Uri mbeu yaAbrahama here, nokuda kwaJesu Kristu? Simudza maoko ako kana uri. Zvino isa maoko ako pamunhu ari pedyo newe, ari pedyo newe, turikanai maoko. Isai maoko enyu mumwe panomumwe. Torai suwo zvino, nderenyu! Nderenyu. Munamato wokutenda uchaponesa vanorwara, Mwari artavamutsa. Zvakanaka, namatai mumwe nomumwe nenzira yake. Namatai sezvamunoita kuchechi kwenyu. Namatirai vanhu vamunavo. Ingoisai maoko mumwe panomumwe monamata.

139 Ishe Jesu, tinouya muZita guru raSamasimba rouyo anoShamisa Mbeu yoHumambo, Mbeu yaAbrahama, yamakavimbisa pagomo paMakamupa gwayana; makariisa murenje, chinhu chinoshamisa, sezvaMakaita shindi dziya nezuro. Ndinonamata, O Ishe Mwari, kuti Mutume simba,

kutenda, uye kuti mbeu imwe neimwe . . . Ndinoziva vartaita, Ishe, nokuti Makati, "Mbeu yaAbrahama!" Kana panga paine vamwe pano vanga vachiedzesera kuva mbeu, ivo vasiri mbeu, varegererei nokuda kwokuva pano kana nokuda kwokuedzesera uku, zvino Mweya Mutsvene dai ukatungidza mweya yavo nokutenda kupenyu. Mweya Mutsvene ngaupinde mumwoyo waani-nani upodze munhu wose ari pano. Vakaisana maoko pamusoro. Mbeu yoHumambo yakati, "Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vartapora." Zvakare Iye Akaita vimbiso yacho ari pano zvino, Achizviratidza kuti Ari pano. Heyo mbeu yakaisana maoko pamusoro. "Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda." Dai Mweya Mutsvene wapfuura naparuoko rumwe norumwe, uchipinda mumwoyo yavo, nomumuviri yavo, wapodza vose vari Muhupo Hutsvene. Tiitirei, Ishe. Ndinotuka Wakaipa, ndinotuka kusatenda kwose, ndinotuka mweya wose wetsvina, ndinotuka muedzeseri wose, ndinotuka chipi zvacho chinopesana neShoko raMwari. Uye Mweya Mutsvene ngautore nzvimbo yaWo mumwoyo yavanhu ikozvino, zvichiitwa nokutenda. Dai urwere hwose nehosha yose, namarwadzo zvabva pavanhu, muZita raJesu Kristu. Ameni.

140 Zvino, mbeu yaAbrahama, ndimi muri muimba yohumambo, ndimi vimbiso. Nenyasha uye nokubatsira kwaMwari, vangani venyu vangasimudza maoko vachiti, "Ndagamuchira zvandakumbira." Ndatenda. Ndizvozvo. Ndicho chikonzero vimbiso yakapiwa. Ndizvo zvayakapuwirwa, kuti muve vagari venhaka pazvinhu zvose, nokuda kwaJesu Kristu akakuponesai. Akakuponesai pazvivi, Akakuponesai paurwere, Akakuponesai parufu, Akakuponesai pagehena, Akakuponesai paguva.

141 Ungati, "Hama Branham, asi tose tinovigwa muguva." Kunyangwe zvakadaro guva harikwanisi kutibata. NaIyewo Akapinda mariri, asi harina kukwanisa kuMubata. Zvirokwazvo, harigoni kuMubata.

142 "Zvakanaka, Hama Branham, ndinoedzwa zvakanyanya." Iye, Akaedzwavo. Asi Akakuponesa kubva pakuedzwa.

143 "Musatiisa pakuedzwa, asi tirwirei pano wakaipa." Maona, Akatozviita! Zvose ndezvako. Zvose ndezvako, nokuda kwaJesu Kristu. Anokupa zvose, pasina mutengo. Hapana mutengo, kana chii zvacho. Ndezvako panguva ino. Haufari nazvo here? Haufari nokuda kwaKe here? Mwari ngaarumbidzwe.

144 Zvino, kuchava nomunamato manheru ano, ma—manheru ano, nenguva dza7.30 Ndichati mufudzi akuudzei. Uyai, uyai. Zvino, Svondo inouya mangwanani, Ishe kana achitendera, ndichadzoka kunamatira vanorwara paTabernakeri, kana zvimwe zvatinezenge takwanisa.

KUTORA MASUWO OMUVENGI SHO59-1108
(Possessing The Enemy's Gates)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo mangwanani, Mbudzi 8, 1959, paBranham Tabhenakiri kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1992 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org